уларнинг ҳиссиётларига ҳам алоҳида диққат қаратилади. Айниқса, омма билан ишлашда эмоцияларнинг ақлни чеклаш хусусиятидан унумли фойдаланилиши масаласига алоҳида урғу берилади.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье проводится сравнительный анализ различных политико-психологических технологий манипулирования общественным сознанием. Также применении этого типа манипуляционной техники особое внимание уделяется не только общественному сознанию, но и его эмоциям. Особое внимание уделяется эффективному использованию ограничивающего сознание характера эмоций, особенно при работе с общественностью.

**SUMMARY**

This article provides a comparative analysis of various political and psychological technologies for manipulating public consciousness. Also, the use of this type of manipulation technique, special attention is paid not only to public consciousness, but also to its emotions. Emphasis is placed on the effective use of the mind-limiting nature of emotions, especially when dealing with the public

# ДЕМОГРАФИЯЛЫҚ ӨСИЎГЕ ЭКОЛОГИЯЛЫҚ ФАКТОРДЫҢ ТӘСИРИ: МЕТОДОЛОГИЯЛЫҚ АСПЕКТЛЕРИ

**М.Қ.Ниязимбетов -** *философия илимлериниң докторы*

*ӨзР ИА Қарақалпақстан бөлимине қараслы Қарақалпақ тәбийғый илимий изертлеў институтының үлкен илимий хызметкери*

**Таянч сўзлар:** демография, демографик ўсиш, экологик омил, “инсон-табиат” тизими, методология, экоцентрик парадигма.

**Ключевые слова:** демография, демографический рост, экологический фактор, система “человек-природа”, методология, экоцентрическая парадигма.

**Key words:** demography, demographic growth, ecological factor, “human-nature” system, methodology, ecocentric paradigm.

Халықтың санлық өлшеми, жасы, жынысы, билим дәрежеси, экономикалық айырмашылығы ҳәм де басқа да тийкарғы характеристикалар мәмлекетлик дәрежеде зәрүр шешимлер қабыл етиў ушын тийкар болып хызмет етеди. Соның ушын да демографиялық процесслерге, мәселен, туўыўшылыққа кери тәсир ететуғын факторларды анықлаў, оны шешиўдиң методологиялық аспектлерин илимий үйрениў актуаллық әҳмийетке ийе.

Себеби, заманагөй жәмийетте ең тийкарғы капитал – бул адам капиталы. Оның саны менен сапасын илимий баҳалаў – мәмлекетлик дәрежедеги актуаллық проблемалардың бири. Әсиресе, бул демографиялық прогнозластырыў, атап айтқанда халық санының күтилетуғын өзгерислерди анықлаўға, мәмлекетимиздеги демографиялық жағдайларды баҳалаўға, мийнет ресурсларының санын анықлаўға, халықты мийнет пенен тәмийинлеў ҳәм мийнеттен пайдаланыў социаллық-экономикалық процесин басқарыў ушын зәрүр.

Демографиялық процесслерге бир неше факторлар тәсир етип, атап айтқанда туўыўшылық, өлимшилик, миграция, экономиканың өсиўи ҳәм билимлендириў тараўының раўажланыўы, экологиялық апатшылықлар, ҳаяллар статусын көтериў, туўыўды режелестириў сиясаты ҳәм т.б. киреди.

Биз бул мақалада демографиялық өсиўге экологиялық фактордың тәсирин алып қараймыз. Бул, әсиресе, ҳәзирги күнде экологиялық апатшылықлар, ҳаўаның патасланыўы, жердиң шорланыўы ҳәм т.б түринде жүз бермекте. Бундай шараятта адам денсаўлығына кери тәсирлердиң болыўы, тәбийий туўыўшылыққа да тиккелей қәўипли жағдайларды келтирип шығарады. Бул өз нәўбетинде адам тәрепинен биосфераға көрсетилип атырған тәсирди тәртипке салыў, социаллық раўажланыў менен қолай тәбийий орталықты сақлап қалыўдың өз ара тәсирин уйғынластырыў, адам ҳәм тәбияттың өз ара қатнасларында тең салмақлыққа ерисиў проблемалары барған сайын актуал болып қалмақта. Бундай проблемаларды шешиўде қандай экологиялық парадигмаға тийкарланыў зәрүр, оның методологиялық стандартлары қандай болыўы керек? Демек, демографиялық өсиўге тәсир ететуғын, адам ҳәм тәбият арасындағы өз ара қатнасларды тәртипке салыўдың методологиялық өлшемлерин ислеп шығыў ҳәм бул өлшемлердиң реаль тийкарларын жаратыў актуаль мәселелердиң бирине айланды.

Бул мақалада биз ҳәзирги заман илимий билиўинде дүньяның илимий картинасы болып есапланған, геоцентрик ҳәм гелиоцентрик моделлерди (парадигмалар) аналог сыпатында алып қарап, «тәбият ҳәм адам», «тәбият ҳәм жәмийет» системлары арасындағы өз ара қатнасларды белгилейтуғын моделлерди, яғный дүньяның илимий картинасын беремиз. Атап айтқанда, экологиялық сананың антропоцентристлик ҳәм экоцентристлик парадигмалары. Бунда антропоцентристлик – дүньяның орайы сыпатында адам алып қаралса, экоцентристлик – бул дүньяның орайы сыпатында экология алып қаралады.

Экоцентристлик парадигманың философиялық мәниси ҳәм мазмунын ашып көрсетемиз.

Экоцентристлик парадигманың характерлик белгилери (өлшемлери) сыпатында төмендегилерди алып қараўымызға болады. *Дүньяның иерархиялық картинасынан бас тартылады.* Адамның қандай да бир айрықша артықмашылығы сол тийкарда, яғный оның ақылға ийе болыўы менен қабыл етилмейди, керисинше, оның ақыллығы оған қоршаған тәбиятқа қатнасында қосымша жуўапкершиликти жүклейди. Адамлар дүньясы тәбият дүньясына қарама-қарсы қойылмайды, бәлки, олар екеўи де бир пүтин системаның элементлери сыпатында алып қаралады. *Адам ҳәм тәбияттың гармониялық раўажаланыўы ең жоқарғы қәдирият сыпатында белгиленеди:* Бунда тәбият бирден бир қәдирият сыпатында баҳаланып, оның жасаўына хуқықы бар. Адам тәбияттың мүлкдары емес, ал тәбияттың ағзаларының бири ғана. *Тәбият пенен өз ара тәсирдиң мақсети, адамлардың талаплары менен бир қатарда, тәбияттың да талапларын максимал қанаатландырыў болып табылады.* Тәбиятқа тәсир, өз ара тәсир (адам ҳәм тәбият арасында өз ара тәсир) менен алмастырылды. *Тәбият пенен өз ара тәсирдиң характери мына экологиялық императив пенен анықланды:*, егер де тәбияттағы экологиялық тең салмақлық бузылмаўға бағдарланса, тек ғана сол нәрсе дурыс деп ҳәм рухсат етилген.

Экоцентристлик моделдиң экологиялық болмыс ҳәм экологиялық сананың диалектикалық бирлигин тәмийинлеўдеги методологиялық өлшемлерин ислеп шығыўда биз Э. Фроммның методологиялық әҳмийетке ийе болған принципин дыққатқа алыў керек деп ойлаймыз.

Адамның жасаў усылы еки ишки диаметраль-қарама-қарсылықлы установкаларға тийкарланған болып, буны Э.Фромм төмендеги формула менен аңлатады: «ийелик етиў» ямаса «болыў».

Адамның жасаў усылы установкалары, «ийелик етиў» ҳәм «болыў» арасында антогонистик қарама-қарсылықты жүзеге келтириў, жәмийет раўажланыўына кери тәсирин тийгизиўи анық.

Инсан жасаўының жоқарыдағы установкаларға советлер дәўиринде жетерлише итибар

қаратылмағанлығына тарийхтың өзи гүўалық береди. Бунда шахс ҳәм жәмийеттиң талапларын қанаатландырыў ушын тәбият тек ғана усыл сыпатында абсолютлестириў биринши планға шықты. Тәбиятқа инсаный қатнаста болыў, яғный «болыў» установкасы негизинде қатнас жасаў төмен болды. Тек «ийелик етиў» установкасы негизинде адам ҳәм тәбият қатнасы әмелге асырылды. Бул, өз нәўбетинде, қорқынышлы жағдайды келтирип шығаратуғын ҳалатларды алып келди. Бундай ҳалатлар ҳәзирги тутыныўшылық жәмийетинде де жоқ болып кетпеди. Сол себептен де ҳәзирги шараятта адам қәдириятын трансформациялаў дәўиринде бул «ийелик етиў» яки «болыў»ды антогонистик тәризде емес, бәлки, олар консенсус бирлигин: «ийелик етиў» ҳәм «болыў»ды тәмийинлеўди философиялық негиз сыпатында алып қараўымыз шәрт. Атап айтқанда, «ямаса-ямаса» логикасы «ҳәм-ҳәм» логикасына айланыўды талап етеди.

Экоцентристлик моделдиң экологиялық болмыс ҳәм экологиялық сананың диалектикалық бирлигин тәмийинлеўдеги методологиялық өлшемлерин ислеп шығыўда биз А.Д.Урсулдың методологиялық әҳмийетке ийе болған принципин дыққатқа алыў керек деп ойлаймыз.

А.Д.Урсул Экологиялық жәмийеттиң характерли белгилери сыпатында төмендегилерди алып қарайды [2]: -экологиялық проблемаларды эффектив шешетуғын, экологиялық катастрофаларды жоқ етиўге бағдарланған жәмийет; Экологиялық цивилизацияның раўажланыўы тәбият ҳәм жәмийеттиң өз ара қатнасының интенсивли-коэволюциялық усыл тийкарында болады; Бул социумның глобаллық ҳалаты, оның тәбият пенен өз ара тәсири сферасы, бул экоталаплар, экобаҳалылықлар ҳәм императивлер өмир сүретуғын ноосфераның раўажланыў этабы. Экожәмийет шараятында ҳәр бир адамда ҳәм соцаллық бирликте ең жоқары экологиялық мәдениат, мораль, сана қәлиплесип, ал экологиялық гуманизмниң ҳуқуқый фундаменти болады; Цивилизацияның экологиялық ҳалаты, информациялық жәмийет базасында келип шығып, рационал планетарлық экораўажланыўды тәмийинлеў ушын жаңаша информациялық усыллар ҳәм информациялық технологиялар эффектив қолланылады.

Бизиң пикиримизше, бул принциплерди мақсетли реалластырыў экоцентрлик моделди тәмийинлеўдеги методологиялық өлшеми болып хызмет етеди.

Әлбетте, экологиялық жәмийет шараятында экологиялық этикаға зәрүрлик артады. В. Лейбинниң пикиринше, экологиялық этика-мәденияттың экологиялық императивине тийкарланған шахс ямаса жәмийеттиң этикасы емес. Ол адам искерлигиниң универсал этикасы болып табылады [3].

Демек, экологиялық проблемаларды шешиўде экоцентристлик парадигманың негизинде алып барылыўы керек. Бул парадигманың әҳмийети демографиялық проблемалар менен де тиккелей байланыслы болып, халық саны көрсеткишине де тәсир етеди. Әсиресе, экологиялық системасы қурамалы болған Қарақалпақстан шараятында адам искерлигиниң дерлик барлық тараўларында экоцентрлик парадигма басшылыққа алыныў талап етиледи. Атап айтқанда, демографиялық проблемаларды шешиўде экоцентристлик парадигма методологиялық әҳмийетке ийе.

**Әдебиятлар**

1. Ключкова М.С. Демография. –М.: РИОР, 2011.
2. Урсул А.Д. На пути к информационно-экологическому обществу. // «Философские науки». 1991. №5. -С. 15.
3. Лейбин В. Экология духа: отсамоуничножения к самоспасению. // «Общественные науки и современность». 1992. №5. -С.164.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада демографик ўсишга таъсир этувчи омиллар таҳлил этилган. “Инсон-табиат” тизимида экоцентрик парадигманинг методологик аҳамияти очиб берилган ва мазкур парадигманинг демографик жараёнларга таъсири асосланган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируются факторы, влияющие на демографический рост. Раскрывается методологическая значимость эко центрической парадигмы в системе «человек-природа» и обосновывается влияние этой парадигмы на демографические процессы.

**SUMMARY**

This article analyzes the factors influencing demographic growth. The methodological significance of the ecocentric paradigm in the “human-nature” system is revealed and the influence of this paradigm on demographic processes is based.

## ЖАДИД МАТБУОТИ: МУРАККАБ ДАВРНИНГ ЁРҚИН КЎЗГУСИ

**Л.Сувонов –** *мустақил изланувчи*
*Самарқанд давлат университети*

**Таянч сўзлар:** “Садои Туркистон”, “Садои Фарғона”, “Янги”, “Исҳоқхон Ибрат”, “Тавалло”, “Ислоҳ”.
**Ключевые слова:** “Садои Туркистон”, “Садои Фарғона”, “Янги”, “Исҳоқхон Ибрат”, “Тавалло”, “Ислоҳ”.
**Key words:**“Sadoi Turkistan”, “Sadoi Fergana”, “New”, “Iskhokhon Sermon”, “Reform”.

1906-1917- йиллар оралиғида нашр қилинган газета ва журналлар орасида “Садои Туркистон” ва “Садои Фарғона” газеталари нафақат мутахассислар, балки ўзбек халқининг XX аср бошларидаги ижтимоий, иқтисодий ва маданий ҳаёти билан қизиққан кишилар эътиборини тортиб келаётгани бежиз эмас. 1906-1917- йиллар оралиғида “Хуршид”, “Шуҳрат”, “Тужжор”, “Осиё”, “Самарқанд” сингари газеталар чиққани ва бу газеталарнинг майдонга келишига Маҳмудхўжа Беҳбудий, Мунаввар қори Абдурашидхонов, Абдулла Авлоний сингари алломалар тамал тошини қўйган бўлса, “Садои Туркистон” ва “Садои Фарғона” газеталарининг нашр этилиши Исҳоқхон Ибрат, Тавалло сингари шоирларнинг ижодида муҳим роль ўйнади.

1914 йил дунё халқлари тарихига Биринчи жаҳон уруши бошланган йил сифатида киради. Биринчи жаҳон уруши бошланиши билан мушкул аҳволга тушган Чор Россияси Туркистон халқларига қанчадан-қанча солиқларни солиб, от-аравадан тортиб, озиқ-овқатгача, кийим-кечаккача ҳаммасини тортиб олди. Аҳвол тобора оғирлашиб, Подшо Россияси тақдири хавф остида қолган 1916 йилда эса туркистонлик 21 ёшдан 45 ёшгача бўлган эркаклар мардикорликка олиниб, қора ишларни бажариш учун фронт орти шаҳарларга юборилган. Подшоҳ Россияси ўз тарихининг шундай жиддий бир палласига кирган вақтда чиқа бошлаган икки газета ўз ўқувчиларини фақат Туркистон халқларининг ижтимоий, иқтисодий ва маданий ҳаётида кечаётган воқеалар билангина эмас, айни пайтда Жаҳон уруши майдонларидаги аҳвол билан, Россиянинг шу урушда кўраётган талофатлари ва чекаётган машаққатлари билан ҳам таништириб борди. Хотин-қизларнинг мусулмон Шарқидаги, аниқроғи, Туркистондаги ачинарли тақдирини яхшилаш йўллари устида бош қотирди. Мактаб ва